

KONSÈY POU PATISIPASYON PARAN



**FAMILY NETWORK
ON DISABILITIES**



Family Network on Disabilities
2196 Main St., Suite K, Dunedin, FL 34698
(727) 523-1130/(800) 825-5736
Faks: (727) 523-8687
Imèl: fnd@fndusa.org
www.fndusa.org

“Lite pou moun ak andikap yo patisipe menm jan
ak tout moun nan yon sosyete san baryè.”



FAMILY NETWORK ON DISABILITIES

Se yon gwoup paran timoun ak andikap ki te fonde Rezo Fanmi Sou Andikap (Family Network on Disabilities, FND) an 1985 pou yo te ka rasanble pou kore youn ak lòt ak pataje enfòmasyon. FND se yon òganizasyon kominotè pou moun ak andikap ak fanmi yo ki santre sou fanmi epi se fanmi yo ki jere li.

Rezo Fanmi Sou Andikap se yon rezo nasyonal ak moun ki gen tout laj ki ka gen risk, ki gen andikap, oswa ki gen bezwen espesyal ak fanmi yo, pwofesyonèl, ak sitwayen ki konsène yo. Misyon FND se pou lite pou moun ak andikap yo entegre ak jwenn tretman egalego nan yon sosyete san baryè ak pou sèvi fanmi timoun ak andikap yo, depi yo fèt jiskasko yo gen 26 zan, ki gen diferan kalite andikap jan li dekri nan seksyon 602(3) IDEA a. FND se yon òganizasyon paran jan sa defini nan seksyon 671 (a) (2) IDEA 2004 la.

Pwogram POPIN-PSN-PEN ede garanti paran timoun ki gen diferan andikap jwenn fòmasyon ak enfòmasyon yo bezwen pou prepare timoun yo non sèlman pou lekòl, men yo ka viv yon vi pwodiktif ak otònòm nan mezi li posib.

Lekòl ki Renmen Lafanmi

Ki jan nou ankouraje relasyon ant fanmi, lekòl ak distri lekòl yo?

Ki sa ki fè yon Lekòl ki Renmen Lafanmi? Tout lekòl ak katye yo gen pèsonalite pa yo. Sa a gen ladan filozofi, estrikti, pwogram akademik, administratè, pwofesè, anplwaye ak repitasyon lekòl la. Kisa kilti lekòl la ye epi kòman li gen rapò ak siksè elèv, katye a ak relasyon ak fanmi yo? Nou tout konn tandè y ap pale sou “move” lekòl kote menm vwazen ki gen katrevendizan an konnen pou li pa rekòmande lòt moun voye timoun yo nan lekòl sa a. Donk kijan pou nou bati ak ranfòse patenarya ant paran, elèv, pwofesè, direktè, anplwaye, ak kominote a. Premyèman, nou bezwen idantifye sa yon Lekòl ki Renmen Lafanmi sanble, ak diferan kalite pèsonalite yon lekòl genyen oswa pa genyen.

Pèsonalite Lekòl yo

Ki pèsonalite lekòl mwen genyen?

Lekòl Chato:

- Lekòl la pa pataje enfòmasyon ak paran yo epi yo pa montre yo enterese.
- Yon gwoup paran se youn lekòl la chwazi yo menm.
- Paran yo pè pote plent oswa poze kesyon.
- Fanmi yo santi yo tankou etranje epi yo pa santi yo ka pale ak lekòl la.

Lekòl Pase si Nou Rele:

- Enfòmasyon yo an pa janm klè.
- Pwofesè yo wè paran yo sèlman lè gen konferans.
- Yon “ti gwoup” paran fè tout travay la.
- Fanmi yo pa ka di anyen nan desizyon lekòl la.

Lekòl ki Renmen Lafanmi (kontinyasyon)

Lekòl Pòt Louvri:

- Fanmi yo resevwa enfòmasyon sou sa pitit yo ap aprann.
- Lekòl la gen yon sant ak yon gwoup paran.
- Paran yo te ede ekri manyèl lekòl la, kontra yo ak règleman yo.
- Lekòl la apresye paran li yo ak li pataje tout enfòmasyon avèk yo.

Lekòl ki Renmen Lafanmi

- Fanmi ak anplwaye etabli valè lekòl la ansanm.
- Fanmi ak anplwaye yo toujou ap pale sou fason elèv yo ap travay ak kiyès ki bezwen plis èd.
- Paran yo nan tout komite epi komite yo rankontre lè li pratik pou paran yo; yo patisipe nan gwo desizyon yo.
- Yo pataje enfòmasyon sou pwogrè elèv yo nan plizyè fason.
- Pa gen okenn baryè pou tout paran ka patisipe.

Poukisa mwen ta dwe travay pou lekòl mwen an vin yon Lekòl ki Renmen Lafanmi?

Rechèch montre lè lekòl ak fanmi yo travay ansanm pou kore aprantisaj:

- Timoun yo travay pi byen lekòl.
- Timoun yo rete lekòl pandan plis tan.
- Timoun yo renmen lekòl plis.
- Timoun yo gen plis chans pou ale nan inivèsite oswa kontinye ak edikasyon yo.
- Fanmi yo santi yo byen epi yo ankouraje yo pou soutni lekòl yo.
- Timoun yo ak fanmi yo santi yo bay yo valè.
- Pwofesè yo santi fanmi yo ak administratè yo soutni yo.

Kouman pou mwen fè lekòl mwen an vin yon Lekòl ki Renmen Lafanmi?

- Anviwònman lekòl apresye ak akeyi moun. Moun k ap travay nan biwo a akeyan epi yo toujou pare pou ede.
- Kominikasyon ant lekòl la ak fanmi yo dwe klè e souvan.

- Yo dwe envite paran yo pou yo patisipe nan ekip akademik la ak santi yo byenveni.
- Paran yo dwe santi yo enfòm sou direktiv, règleman, ak kontra lekòl la. Yo dwe fè pati pwosesis desizyon an.
- Paran yo dwe gen opòtinite pou yo ofri tèt yo epi patisipe nan aktivite lekòl yo ak aktivite yo ofri yo. Mete nouvo apwòch pou jwenn tout paran yo.
- Paran yo ta dwe gen opòtinite pou yo resevwa fòmasyon sou konpreyansyon tout pwogram, sèvis, direktiv, fason pou ekri règleman yo, ak di kijan yo panse yo dwe depanse finansman.
- Paran, pwofesè, administratè, elèv ak lidè kominotè yo ta dwe gen yon atitid patenarya pou ogmante siksè elèv yo.
- Fè lis estrateji ki sipòte patisipasyon fanmi.
- Devlope yon plan daksyon ki renmen lafanmi sou fason pou yo patisipe plis nan lekòl ak kominote a.

Premye etap pou kreye yon lekòl ki renmen lafanmi se ede paran yo santi yo byenveni.

“Non sèlman vrè patisipasyon fanmi ede elèv yo, li afekte kilti edikasyon fanmi yo tou. Relasyon ak fanmi yo ap pote avantaj aprantisaj pou chak elèv.”

-Engaging All Families pa Steven Constantino



Patisipasyon Paran

Dis (10) konsèy sou ki jan paran yo ka patisipe san yo pa janm mete pye nan lekòl la!

Tout paran vle patisipe nan vi, enterè ak eksperyans edikasyon pitit yo. Nou tout okipe, epi paran ap goumen pou yo jere travay ak lavi kotidyen. Ki jan paran yo ka patisipe plis ak soutni edikasyon pitit yo? Men dis (10) konsèy ak Patisipasyon Paran!

1. Pale ak pitit ou chak jou. Aprann sa ki pase nan jounen li lekòl, relasyon li ak pwofesè li, ak lòt elèv. Poze kesyon sou fason yo santi yo sou lekòl an jeneral. Mande yo pou yo pale sou yon bon bagay oswa move bagay te rive nan lekòl la e poukisa yo panse sa te rive.
2. Ranfòse relasyon ant paran ak pwofesè yo. Deside fason pou kominike ak pwofesè pitit ou regilyèman pou kenbe liy kominikasyon yo louvri. Epi tou ou kapab mande tu pwofesè pitit fason ou ka ede avèk pwojè lekòl la lakay ou (ede koupe, kolorye, kopye materyèl klas yo, fè kado bwat, sanble materyèl ak materyèl pou pwojè klas, elatriye).
3. Pran tan pou travay avèk pitit ou. Lekti kapab yon bèl eksperyans epi se yon bèl opòtinite pou ou vin pi pwòch ak pitit ou. Fè yon ti lekti ak pitit ou. Vizite bibliyotèk lokal ou. Mande pitit ou pou li chwazi yon liv e li renmen (asire li apwopriye pou laj li ak nivo lekti li) epi fè yon kopi pou tèt ou. Li yon chapit ansanm chak swa epi diskite sou liv la. Siveye travay klas pitit ou ak fason li etidye. Asire ou li remèt devwa ak pwojè li yo a lè.
4. Asire w pitit ou rive lekòl a lè epi prepare avèk tout materyèl ki nesèsè. Si li difisil pou jwenn materyèl yo, pale ak pwofesè a, konseye pedagogik la oswa lyezon paran an pou sijesyon sou resous gratis yo.

5. Antre nan PTA. Lè ou peye kotizasyon chak ane yo, w ap soutni youn nan pi ansyen gwoup defans ki genyen pou paran yo. Ou ka pa kapab ale nan tout reyinyon PTA, Konsèy Konsiltatif Lekòl oswa Komite Konsiltatif paran, men ou ka kapab patisipe nan konferans a distans. Ou ka mande pou mete ou nan lis adrès si yo gen youn, epi mande pou yo voye minit (rapò sou reyinyon yo) pou ou kapab gade. Sa a ede ou jwenn aksè nan enfòmasyon epi toujou patisipe lè ou bay sijesyon ou oswa opinyon ou sou sa ki te pase nan reyinyon yo. Konsa w ap ka deside kijan ak kilè l ap posib pou ou patisipe.

6. Ofri pou kòmanse yon lis telefòn pou klas la. Mande pwofesè pitit ou a si li bezwen èd pou kominike avèk lòt paran sou evènman k ap vini yo, lis benevòl, bezwen ekipman pou klas la, benevòl pou soti akademik oswa inisyativ pou sanble lajan. Sa ap retire yon chay nan lespri pwofesè a epi l ap itil li anpil.

7. Kòmanse yon paj Rezo Paran. Gen anpil sit entènèt gratis sou entènèt ki ofri fason fasil pou kominike youn ak lòt epi yo fasil pou jere. acebook, MySpace ak Ning se kèk nan sa ki pi popilè kyo. Sa yo fasil ak amizan pou jere. Epi tou se yon bon fason pou konekte ak lòt paran, pwofesè lekòl la, ajans kominote yo ak aprann nan lòt resous ki disponib.

8. Kòmanse yon Gwoup Sipò Paran sou entènèt. Yahoo.com ofri yon fason gratis pou kreye yon dyalòg ki fèt sèlman pa entènèt ant manm yo sou plizyè diferan sijè. Ou p ap bezwen fè yon pakèt bagay pou enstale li epi li fasil pou jere. Ou ka mete evènman lekòl la, enfòmasyon itil konsènan règleman lekòl la, plan amelyorasyon lekòl la oswa jis yon bon fason pou konekte ak lòt paran ak edikatè nan kominote a. Lè ou envite paran, pwofesè, pèsònèl distri a ak biznis lokal yo se yon fason pou bati relasyon ant lekòl la, fanmi yo, ak kominote a. Sa a te toujou yon gwo sous enfòmasyon pou paran sou evènman kominote a, pataje opinyon sou doktè ak dantis, pwofesè ak lekòl yo.

Patisipasyon Paran (kontinyasyon)

9. Pa sere li, montre li! Tan pou ou sere devwa oswa travay atistik pitit ou nan yon tiwa, mete li nan pòt frijidè a pito! Kote yon pwojè li te fè byen sou yon mi nan salon an. Sa pral ede pitit ou gen plis konfyans nan tèt li epi pitit ou ak nenpòt moun ki fè li ap gen kè kontan.

10. Bokal “Mwen Kapab” la. Bay piti ou yon bokal kafe vid ki kouvri ak papye epi make sou li “Bokal 'Mwen KAPAB' Mwen”. Chak fwa pitit ou yo aprann yon nouvo konpetans, kit se akademik, atistik oswa atletik, ekri li sou yon moso papye ak epi mete li nan bokal la. Gade sa ki nan bokal la regilyèman epi gade kijan pitit ou ap kwè nan tèt li plis.



*Sèvis ak souri ou
pou chanje lemonn.
Pa kite lemonn chanje
sourì ou.*

Konferans ant Paran ak Pwofesè

Yon Reyinyon ant Gran Lespri yo: Ide pou Pwofesè ak Paran yo

Konferans Ant paran ak pwofesè yo bay paran yo, pwofesè yo ak timoun nan (lè li apwopriye) yon opòtinite pou chanje ide pou asire timoun yo gen yon bèl eksperyans nan lekòl. Pafwa reyinyon sa yo ka estrese paran yo, pwofesè yo ak elèv yo. Men, bagay yo pa ta dwe konsa. Men kèk bèl ide sou fason ou ka pwofite tou sa ou kapab nan konferans ant paran ak pwofesè ou yo. Kenbe nan tèt ou diferans kiltirèl yo ak ki jan yo ka afekte tout aspè nan konferans lan, soti nan lè ak kote randevou a rive nan fason yo pataje enfòmasyon yo ak devlope plan daksyon an.

FLEKSIBILITE

Fleksibilite se kle nan konferans! Pandan li ka difisil pou pwofesè yo pwogame reyinyon apre lè lekòl, li difisil pou paran yo menm jan an. Si li pa posib pou fè randevou a avan oswa apre lekòl, eseye konsidere konferans nan telefòn oswa sou entènèt.

ENFÒMASYON

Fòm yo bon anpil pou rasanble enfòmasyon sou preferans komunikasyon paran yo ak pwofesè yo. Nan kòmansman ane akademik la, yo ta dwe voye yon fòm lakay la pou mande paran yo ki pi bon lè pou rankontre, sa yo swete pou pitit yo, ak lòt bezwen tankou gadri, baryè lengwistik, oswa pwoblèm transpò. Lè dat konferans la pral rive, voye yon dezyèm fòm ak nouvo chwa lè pou rankontre ak yon demann pou yon lòt dat ak lè si pa gen okenn chwa ki posib.

Sèlman pou Pwofesè yo:

- Bay paran yo bon preyavi sou konferans la, ba yo sijè diskisyon, enterè timoun nan, sa li renmen ak pa renmen, ak fason li etidye lakay la.
- Eseye fè ranje yon tab (ki gen yon bòl sirèt) ak de chèz ki deyò sal la. Sa ap yon bon kote pou rete tann!

Konferans ant Paran ak Pwofesè (kontinyasyon)

- Asire w ou gen tout dosye elèv la ajou ak òganize pou diskisyon.
- Fè yon pake ki gen ladan tèks, devwa, travay klas ak pwojè; mete yo pare pou paran yo revize sou biwo elèv la.
- Idantifye manm ekip administratif ki pale plizyè lang yo; mande si yo te ka ede ak tradiksyon si sa nesesè.
- Eseye prepare yon lis resous kominote ak sou entènèt ki pare pou bay paran ou yo.
- Diskite sou woutin klas, règleman ak devwa lakay ak paran yo. Mande si yo gen kesyon oswa enkyetid.
- Diskite fason timoun ann aprann ak estrateji oswa aktivite aprantisaj li prefere. Asire w ou kòmanse nenpòt diskisyon konsènan enkyetid ak konpòtman oswa difikilte ak aprantisaj sou yon nòt pozitif.
- Pataje nenpòt ak tout estrateji ak materyèl paran yo ka itilize lakay la ki abòde difikilte ak aprantisaj oswa konpòtman.
- Konkli reyinyon yo avèk yon espwa pou devlope yon relasyon ak paran ou yo. Raple yo nou se yon ekip epi ou vle pi bon eksperyans nan edikasyon posib pou pitit yo.

Sèlman pou Paran yo:

- Mande pitit ou si gen nenpòt bagay li ta renmen ou diskite avèk pwofesè a.
- Ekri tout bagay ou vle pale nan konferans lan. Reflechi sou bagay k ap mache byen lakay la ak enkyetid ou vle pataje oswa poze kesyon sou yo.
- Asire w ou rive a lè oswa kèk minit davans.
- Si ou te gen yon move eksperyans avan nan yon konferans, eseye rete pozitif ak nouvo pwofesè pitit ou a. Ou ka vle pataje nenpòt eksperyans negatif ou te genyen avan ak li epi di li ou ta renmen gen yon eksperyans pozitif ak li.
- Kòmanse reyinyon an avèk kòmantè pozitif sou salklas la ak pwofesè a.
- Bay enkyetid ou yo priyorite pou asire nou diskite sijè ki pi enpòtan yo.

- Kite pwofesè a dirije konferans lan ak eksprime opinyon li, men pa bliye diskite sa ou vle pale yo tou.
- Mande pwofesè a sou fason ou ka travay ansanm ak sa ou ka fè lakay ou.
- Eseye evite yon konvèsasyon long sou sijè ki pa gen rapò ak objektif konferans lan.
- Eseye konsidere sijesyon pwofesè a fè.
- Sonje pou w poze mezi kesyon ou bezwen. Fè yon efò pou pran nòt sou sa nou te pale pandan konferans lan. Ou pral gade nòt ou te pran yo pita.

PLAN DAKSYON!

Yon konferans ki efikas ta dwe toujou fini ak yon plan daksyon. Kòm yon ekip, paran an ak pwofesè ka deside nou vle timoun nan patisipe nan konferans lan. Si tout moun dakò sa apwopriye, timoun lan ka ede devlope plan daksyon an. Ekri ki aksyon nou pral pran. Plan an ta dwe eksplike kisa tout moun pral fè pou kore elèv la. Ekri yon dat swivi pou yon pale nan telefòn oswa yon lòt reyinyon. Fini sou yon nòt pozitif. Sourire epi souke men!

YON EFÒ ANN EKIP

Timoun yo pa sèlman fanmi ki gen devwa. Ansanm, paran yo ak pwofesè yo ka kontribye nan reyisit timoun yo lè yo fè bagay sa yo:

CHAK PWOFESE DIFERAN

Chak pwofesè ka gen diferan atant pou elèv yo. Paran yo ta dwe mande yon kopi alekri règ salklas chak pwofesè ak devwa yo. Mande pwofesè pitit ou a kijan ou ka ede amelyore eksperyans akademik pitit ou a.

CHAK PARAN DIFERAN

Tout paran diferan. Li enpòtan pou fè yon efò an plis pou aprann sou paran elèv ou yo, orè yo epi kenbe komunikasyon avèk yo regilyèman. Ofri diferan fason yo ka patisipe ak kontinye patisipe nan eksperyans edikasyon pitit yo, menm lè yo pa ka patisipe fas-a-fas.

Konferans ant Paran ak Pwofesè (kontinyasyon)

KOMINIKASYON

Kenbe liy kominikasyon yo louvri. Pifò pwofesè voye nòt chak jou lakay sou pwogrè oswa eksperyans chak jou. Reponn chak nòt pou kontinye konvèsasyon an. Pou elèv ki pi gran yo, lè nou pataje adrès imèl ak rele detanzansyon pou pataje konsèy sou sa ki mache lakay la ak nan lekòl la, sa ede elèv la reyisi pi byen. Efò sa yo ede kreye yon relasyon ant lakay ak lekòl la.



Bonjan Kolaborasyon ak Ajans ak Òganizasyon yo

Nou tout dwe travay ansanm pou satisfè bezwen elèv nou yo, fanmi yo ak kominote yo. Si nou pa fè sa, kèlkeswa rezon an, nou dwe chèche konnen kijan pou nou chanje sa.

Jodi a, n ap fè fas ak anpil difikilte nan chanjman akademik ak pwoblèm finansyèl- sou plan pèsonèl ak pwofesyonèl. Lekòl, kay, ak kominote nou yo dekonekte yon fason ki fè nou pè anpil.

Li fè sans pou nou kolabore pou abòde pwoblèm mondyal sa yo ki afekte nou tout.

Ki avantaj Kolaborasyon pote? Poukisa nou ta dwe fè efò?

Tout moun benefisye nan kolaborasyon lè yo ap eseye reyalize menm objektif yo. Kolaborasyon ban nou bèl opòtinite. Li pèmèt nou aprann ak dekouvri talan ak kapasite moun ak ajans nan kominote nou yo nou pa te janm ka tandè pale sou oswa oswa nou pa te konnen. Li ede soulaje chay yon sèl moun oswa òganizasyon genyen pou fè yon gwo travay kote li fè li tounen yon gwo efò yon gwoup moun fè ak plizyè resous nan mwayen tan an!

Lè nou bati relasyon ant òganizasyon, lekòl, dirijan kominote yo, legliz, ak fanmi yo, sa kapab sèlman amelyore an anrichi lavi timoun nou yo ak avni nou kòm yon sosyete. Respekte diferans kiltirèl yo ak fason yo ka afekte relasyon yo.

Kisa ki Eleman Kle pou bon Kolaborasyon?

- Etabli yon objektif komen.
- Idantifye filozofi nou pataje konsènan wòl nou.
- Kenbe yon balans ki objektif nou tabli yo ak lòt responsablite.
- Montre respè ak kapasite pou gen dezakò, travay ansanm ak kenbe egalite nan gwoup la.
- Kwè manm òganizasyon an pral pran responsablite li nan pwojè pataje a.
- Kowòdone ak planifye orè yo avèk yon fason ki jis ak fleksib, pou asire tout moun ki enplike gen yon opòtinite pou patisipe kòm sadwa.

Bon Kolaborasyon (kontinyasyon)

- Rezolisyon konfli. Deside kijan pou regle dezakò bonè nan faz planifikasyon an kòm yon gwoup pou ka gen yon estrateji nou chwazi pou rezoud pwoblèm yo yon fason jis ak vit.
- Travay di. Tout bagay ki bon mande travay di. Rekonèt rezilta nou tabli yo merite efò a!
- Evalyasyon ak siveyans efò gwoup ou se yon bon fason pou verifye sa k ap mache ak sa ki p ap mache.

Ki zouti oswa ide ki disponib pou ede òganizasyon yo kolabore pou yon ti kras kòb oswa anyen ditou?

Pou kominote yo ki gen aksè nan li yo, teknoloji amelyore nan kominikasyon fè li fasil pou nou kolabore kounye a, san nou pa bezwen travay oswa tan lib moun. Sa ki anba la yo se resous gratis pou ede bati yon komite oswa ekip solid ki kolabore byen ansanm:

- Rezo sosyal. Facebook, MySpace ak Twitter yo se jis kèk nan anpil sit gratis ki fè li posib pou pataje enfòmasyon, fè piblisite ak rezo ak lòt òganizasyon -toupatou nan monn nan!
- Google ofri kèk aplikasyon pou itil tankou kalandriye pataje, bidjè ak fòm planifikasyon jesyon, ak plis ... gratis ak fasil pou itilize!
- GoToMeeting.com pèmèt òganizasyon yo òganize reyinyon oswa prezantasyon sou entènèt. Li pa gratis pou kreye, men li gratis pou patisipan yo. Frè yo tou piti, men yo lajan ak tan w ap ekonomize si ou t ap deplase.
- Yahoo.com gen plizyè gwoup sipò paran sou entènèt la gratis sou prèske tou sijè pou paran. Sa yo bay yon bèl fowòm pou kreye rezo ak paran, edikatè, pwofesyonèl, ak dirijan nan kominote a dirèkteman atravè imèl.

Malgre entènèt la bay plizyè mwayen kominikasyon, pou pataje enfòmasyon ak planifye, nou dwe toujou mete yon konvèsasyon fas-a-fas ak bay lanmè nan fen yon rankont, menm si se a distans!

Kouman pou mwen chwazi yon lekòl pou pitit mwen?

Konsidere pitit ou ak fanmi ou

Fòs pitit ou a, fason l aprann, bezwen, pozisyon, transpò, lè lekòl, depans (si genyen) ak pwogram tout afekte chwa ou nan lekòl. Konsidere tou fason lekòl yo jere pwoblèm sekirite, vyolans ak tizonnay. E sistèm kwayans lekòl la konsènan pwoblèm konpòtman? Pifò lekòl yo afiche direktiv, règleman yo ak enfòmasyon sou pwogram yo sou sit entènèt yo. Ou ka deside voye pitit ou a nan lekòl selon zòn ou an, dapre kote ou ye ak distans lekòl ki antoure yo. Si eta ou a oswa distri a gen yon sit entènèt pou chwa lekòl, ou ka tcheke sou li pou jwenn plis enfòmasyon. Ou ka rele distri lekòl lokal ou a tou pou jwenn plis enfòmasyon. Aprann sou ki chwa lekòl yo disponib pou ou.

Fè Rechèch epi Rasanble Enfòmasyon sou Lekòl Yo

Prepare w pou fè yon ti rechèch lè w kòmanse chèche lekòl pou pitit ou. Pou kòmanse rele lekòl yo pou pwograme vizit nan plizyè pwopriyete. Eseye ale nan fwa pou paran yo oswa pòt louvri lekòl yo. Entènèt la se yon bon sous enfòmasyon tou. Gen kèk PTA oswa lekòl ki gen paj rezo sosyal kounye a, tankou sou Facebook oswa MySpace. Yo pral ba ou yon bon lide sou kilti ak filozofi lekòl la, ak pèsonalite li ak elèv yo, fanmi yo, ak kominote a. Ou ka jwenn lòt sou enfòmasyon sou sitwèb tankou **www.greatschools.net** ak www.schoolmatters.com. Ou ka jwenn yon lis kontak pou detèmine si yon lekòl danjere nan **www.ed.gov/about/contacts/state/index.html?src=ln**. Epi tou ou pral vle konnen règ oswa pwogram lekòl la, pwogram avan ak apre lekòl, ak aktivite ki pa nan pwogram akademik la. Chèche konnen si lekòl la gen pwogram ki disponib grasa plis finansman, tankou klas atizay, espò, klib echèk oswa anrichisman akademik. Ki jan lekòl jwenn finansman se kle, tankou si se finansman prive oswa federal. Ou pral vle asire lekòl la dirab si se finansman prive.

Kouman pou mwen chwazi yon lekòl pou pitit mwen? (Kontinyasyon)

Anpil nouvo lekòl prive louvri epi fèmèn chak ane poutèt pwoblèm finansman. Ou ka vle konsidere si transpò disponib tou b, epi, si li disponib, ki lè li disponib. Èske lekòl la gen pwogram tankou pwogram sipò bileng oswa miltikiltirèl?

Tcheke Pèfòmans Akademik Lekòl La

Yo te kreye lwa “No Child Left Behind Act” (Pa Kite Okenn Timoun Dèyè), ki te kòmanse an janvye 2002, pou garanti tout timoun jwenn yon opòtinite pou reyisi nan edikasyon yo. Li garanti tou pou Eta a, Distri Lekòl yo ak administratè yo, Lekòl yo ak fakilte yo responsab pou siksè akademik elèv yo. Siksè akademik elèv yo mezire nan nòt Evalyasyon Eta lekòl la (tès nòmalize). Depatman Edikasyon ap etidye evalyasyon sa yo avèk anpil atansyon. Tout elèv dwe reyisi akademikman pou lekòl la ka resevwa yon bon kanè. Yo kreye ak distribye kansè yo chak ane nan distri lekòl yo epi yo dwe prepare avan kòmansman chak ane lekòl. Li nesesè pou mete rapò sa yo disponib pou paran yo, kote yo swa voye l bay paran yo oswa yo afiche li nan sit entènèt distri lekòl yo.

Ki sa ki sou Kanè Lekòl Piblik la?

- Yo separe tès eta yo selon kategori elèv yo;
- Elèv Migran, Elèv ak Andikap, Elèv ak Konpetans Angle Limite, ak Elèv Sanzabri, elatriye.
- Konbyen elèv yo fè nan nivo debaz, konpetan, ak avanse sou tès la.
- Pousantaj elèv ki pa teste yo.
- Pousantaj gradyasyon.
- Kantite ak non lekòl ki bezwen amelyore nan distri a.
- Kalifikasyon pwofesè yo.

www.ed.gov/parents/schools/find/choose

Desizyon sou lekòl pou pitit ou se youn nan pi gran desizyon w ap janm fè. Pran tan ou epi fè rechèch. Sonje gen anpil resous ki disponib pou ede ou.



Èske pitit ou ale nan yon lekòl Tit I?

Si se wi, èske w konnen Tit I se yon pwogram federal ki fèt pou:

- Ede timoun yo travay pi byen lekòl la epi aprann konpetans pou yo reyisi.
- Bay resous pou timoun yo pou ede yo reyalize potansyèl yo.
- Ankouraje paran yo pou yo patisipe plis nan edikasyon pitit yo.
- Bay opòtinite pou gen plis pwofesè ak asistans nan lekòl la.
- Ede lekòl yo fasilite aktivite ki fèt pou ankouraje patisipasyon fanmi.

Mwen te tande tèm “Lekòl Tit I”, men kisa sa vle di?

Pwogram Tit I an se youn nan pi ansyen ak pi gwo pwogram ki resevwa finansman federal nan peyi a. Tit I pran angajman pou gen plis elèv defavorize ki reyisi kote yo ofri plis sèvis pou bezwen akademik yo. Objektif ofisyèl finansman Tit I Depatman Edikasyon an se, “Pou garanti tout timoun gen on opòtinite jis, egal, ak enpòtan pou jwenn yon bon kalite edikasyon ak reyalize, o minimòm, konpetans nan evalyasyon akademik difisil eta a. Sa vle di lekòl ki gen anpil elèv defavorize yo pral resevwa plis finansman pou ede satisfè objektif akademik elèv sa yo ak plis sèvis. Pou yon lekòl kalifye pou finansman Tit I, omwen 40% nan elèv li yo dwe enskri nan pwogram manje midi gratis ak pri redwi a. Itilize lyen sa a pou detèmine si pitit ou a ale nan yon lekòl Tit I:

www.titlei.org/

Kòman yo itilize finansman Tit I?

Fason yo itilize finansman Tit I depann sou lekòl la, elèv yo ak bezwen yo. Yo ka itilize finansman Tit I yo pou amelyore pwogram akademik, aktivite enstriktisyonèl, konsèy, patisipasyon paran, epi ogmante amelyorasyon manm pèsonèl ak pwogram. Nòmman Tit I soutni enstriksyon siplemantè nan lekti ak matematik.

Ki lòt bagay mwen ta dwe konnen sou Lekòl Tit I ak Finansman yo?

Kòm yon nan yon elèv lekòl Tit I:

- Lekòl la dwe òganize yon reyinyon anyèl ki eksplike patisipasyon li nan pwogram Tit I ak egzijans yo.
- Ou ka mande kalifikasyon pwofesè ak parapwofesyonèl yo.
- Ou ka patisipe nan devlopman Plan Patisipasyon Paran ak Kontra Lekòl la.
- Ou ka mande enfòmasyon ak fòmasyon sou sèvis Tit I lekòl la bay.
- Pitit ou ka kalifye pou Sèvis Edikasyon Sipleman tè yo.
- Ou ka mande enfòmasyon sou pwogram ki disponib pitit ou a kalifye pou yo.

Kisa Tit I ka fè pou mwen ak pitit mwen?

Pwogram ak sèvis lekòl pitit ou a anba pwogram Tit I depann sou de (2) bagay:

- Evalyasyon anyèl sou bezwen lekòl pitit ou a.
- Si pitit ou a kalifye pou pa.

Kèk sèvis genyen ladan:

- Ansèyman ti gwoup deyò salklas la.
- sistans oswa enstriksyon anplis andedan salklas la.
- Yo ka ofri sèvis pou bay timoun yo leson.
- Aktivite lekòl pandan ete a.
- Sèvis pou timoun piti
- Aktivite pou Patisipasyon Paran yo.

Li enpòtan pou w konnen tout sèvis Tit I yo anplis sa lekòl yo deja ofri. Sèvis Tit I yo kalifye pou elèv yo. Gen kritè ou dwe satisfè pou resevwa sèvis an plis yo. Sa depann sou evalyasyon endividyèl elèv la ak nòt li. Yon lekòl dwe notifye paran timoun yo pou konnen si yo kalifye pou sèvis Tit I.

Èske pitit ou ale nan yon lekòl Tit I? (kontinyasyon)

Kisa mwen ka fè pou ede pitit mwen reyisi nan yon lekòl Tit I?

Konprann sèvis Tit I se yon bon depa! Bati yon relasyon avèk pwofesè pitit ou a, anplwaye lekòl la ak fakilte a. Ou ka patisipe nan aktivite lekòl la menm si ou pa ka ale fas-a-fas. Eseye konekte ak lyezon paran lekòl la, oswa moun k ap travay nan Aktivite Patisipasyon Paran.

Antre nan PTA oswa PTO. Si ou pa kapab ale nan reyinyon paske yo ap fèt pandan jounen an, pale ak prezidan PTA a sou patisipasyon a distans. Mande ki jan ou ka ede lakay la, menm si sa vle di kontakte lòt paran nan telefòn oswa imèl pou mete yo okouran evènman oswa aktivite lekòl la. Sonje kenbe liy kominikasyon yo ouvè. Mande pwofesè pitit ou a ki estrateji ou ka itilize lakay ou pou ede amelyore fason pitit ou aprann ak ede li sonje enfòmasyon li aprann yo.

PWOCHEN SOURI
OU ANBA
NEN OU.
SOURI!

@elianatardio



Konpetans pou Tès Estanda Lakay la

Paran yo ak fanmi yo tèlman okipe, kijan yo fè jwenn tan pou pratike konpetans pou tès estanda yo lakay la.

Èske ou fè nenpòt nan bagay sa yo:

- Fè makèt?
- Ale kay doktè?
- Gade televizyon?

Si ou fè bagay sa yo, konsèy sa yo ka ede ou pratike konpetans egzamen estanda yo ak pitit ou!

Kisa paran yo ka fè pou ede timoun yo?

- Mande timoun yo pou eksplike kisa yo ap aprann nan lekòl la.
- Konnen ki sa timoun ou yo ap fè pou devwa lakay yo.
- Kominike avèk lekòl la ak pwofesè yo souvan.
- Li avèk timoun ou yo osi souvan posib.

Mwen deja fè sa. Ki lòt bagay mwen ka fè?

- Fè pitit ou patisipe nan travay nan kay la! Sonje poze yo kesyon sou lòd yo pandan n ap fè travay oswa piwèt yo ansanm.
- Èske timoun ou yo jwe jwèt videyo? Poze yo kesyon lòd sou jwèt yo pi renmen. Mande pitit ou pou li ekri detay sou tout karaktè yo nan jwèt videyo li pi renmen yo, dekri pouvwa yo, kisa yo sanble, karakteristik yo, elatriye. Apres mande pitit ou ki karaktè oswa ewo ki plis sanble ak manman, papa, sè, frè, oswa lòt fanmi li epi mande poukisa.
- Fè tablo pou evènman ak angajman fanmi.
- Kenbe yon kalandriye evènman fanmi ak lekòl la afiche epi mete ajou.
- Ankouraje pitit ou kenbe yon jounal.
- Kòmanse yon etid liv avèk pitit ou epi envite zanmi. Pèmèt pitit ou a chwazi yon liv ki enterese li achte youn pou tèt ou tou. Nou chak li yon chapit chak swa epi diskite liv la ak kisa ki kapab pase apre.

Konpetans pou Tès Estanda Lakay la (kontinyasyon)

Ki kèk bagay fasil pou fè pou ankouraje refleksyon kritik?

Konsèy pou Lesiv:

- Ki gwosè chay rad yo?
- Kijan pou separe nwa ak blan; sèvyèt ak delika; ak poukisa?
- Konbyen savon nou ta dwe itilize?
- Kbyen tan li pral pran pou lave rad yo? Sèk?
- Ki tanperati dlo nou ta dwe itilize?

Konsèy pou fè Makèt

- Kategorize machandiz yo lè w ap mete yo nan charyo a ak sou kès la pou peye (machandiz konjle, savon, elatriye).
- Lè n ap tann pou peye, li gran tit magazin ak jounal yo epi detèmine sa ki verite ak fiksyon yo.
- Diskite poukisa yo mete kèk machandiz tou pre kote moun yo ap peye a.
- Soustrè montan kupon sou pri pwodwi yo.
- Itilize yon kalkilatriis pou kalkile pri a pandan w ap achte.
- Li etikèt pwodwi yo epi diskite sou enfòmasyon nitrisyonèl.

Konsèy pou Kwit Manje:

- Fè pitit ou a ede w kwit manje ak swiv resèt yo. Si resèt la mande pou yon tas nan yon bagay, bay mwatye tas pou mezire epi fè pitit ou a kalkile kouman konvèti li.
- Fè mwatye ak doub resèt la. Sèvi ak yon varyete tas ak kiyè mezi.

Konsèy nan Sal Datant:

- Kilè nou dwe kite pou rive nan randevou a alè?
- Konbyen tan nou te tann pou wè doktè a?
- Poukisa nou toujou oblije rete tann apre lè randevou nou pou wè doktè a?

Konsèy pou Televizyon:

- Itilize yon gid televizyon pou pèmèt pitit ou a pwograme pwogram pou semèn nan. Bay pitit ou yon souliyè ak yon limit chak jou, epi fè pitit ou fè yon orè pou semèn nan.
- Gade televizyon ak pitit ou epi prevwa sa ki pral rive apre. Tcheke prediksyon ou yo.
- Obsève reklam ak diskite sou sa y ap vann ak poukisa yo fè piblisite a konsa. Mande poukisa yo montre sèten reklam sèten lè pandan jounen an (jwèt nan apre midi, machin pandan foutbòl, elatriye).

Konsèy pou Machin:

- Mande pitit ou a trase yon kat wout pou destinasyon ou frekante souvan. Mande yo pou yo anrejistre kantite tan ak kantite mil li te pran pou rive nan chak destinasyon. Note sit enpòtan yo epi diskite sou diferans ki genyen ant anviwònman rural ak iben.

Sonje:

- Bati yon relasyon avèk pwofesè pitit ou a. Kenbe komunikasyon ouvè ak konstan.
- Pale ak pitit ou sou jounen li; sa yo te renmen ak sa yo pa t renmen.
- Bay pitit ou yon lè ak kote fiks nan kay la pou etidye ak li.
- Revize travay klas ak devwa lakay yo epi mande pwofesè pitit ou a kijan ou ka ranfòse leson yo aprann nan kay la.
- Asire w pitit ou a repoze byen avan tès estanda a.
- Asire w pipit ou rive lekòl a lè.
- Menm si pitit ou a pa grangou nan maten an, fè li manje avan tès la. Yon fig, fwi oswa ba granola se yon bon fason pou kòmanse jounen an!
- Amize ou pandan w ap aprann avèk pitit ou. Eseye vini ak nouvo lide ak fason pou kenbe pitit ou a enterese pou aprann nouvo bagay.

Ede ak devwa

Poukisa pwofesè yo bay devwa pou fè lakay, epi kijan m ap fè konnen si li reyèlman ede pitit mwen an aprann?

Nou konnen atravè rechèch lè timoun yo fè bon devwa yo byen, sa kapab ede timoun yo devlope ton abitud ak atitud.

Devwa ede elèv sonje leson yo te aprann nan klas yo epi yo pare pou klas la nan demen. Epi tou li ede yo devlope konpetans nan etid tankou fason pou itilize resous tankou bibliyotèk, materyèl referans, ak ansiklopedi.

Devwa ka ede paran yo aprann sou edikasyon pitit yo kòm byen ke ede bati relasyon ant lakay yo ak lekòl la. epi ede bati relasyon ant lakay la ak lekòl la. Devwa ankouraje tout fanmi an renmen aprann.

Travay ak fòs!

Travay ann ekip! Kominikasyon! Sipò! Sa yo se mo fò ki ka ede bati yon relasyon solid ant timoun, paran, ak edikatè yo.

Èske devwa sipoze estrese mwen ak pitit mwen?

Èske sa sanble yon bagay ou tande deja?

- Kijan mwen ka fè Richie fè devwa li?
- Chak swa se yon lit pou fè l fè yon bagay!
- Poukisa Victoria pa gen plis devwa? Poukisa Xavier gen tout devwa sa yo?
- Kilè Tiki sipoze fè devwa li. Li pran leson pyano, jwe baskèt bòl, ak foutbòl. Li pa vrèman gen tan pou etidye.
- Kijan mwen kapab ede Samantha avèk devwa matematik li lè mwen pa konprann li?

E sa yo?

- Mwen pa gen okenn devwa.
- Mwen te fè li nan lekòl la. Èske mwen ka jwe kounye a?
- Mwen fenk sonje pwojè syans mwen an se pou demen, mwen bezwen yon tablo afich.
- Mwen kite liv mwen yo nan lekòl epi mwen gen yon tès demen!

Konbyen devwa ki yon bon kantite?

Asosyasyon Edikasyon Nasyonal (National Education Association) ak PTA nasyonal la sijere dis (10) minit devwa chak swa ak chak nivo klas, kòm yon règ jeneral.

Yon elèv premye ane gen yon total dis minit, yon dezyèm ane gen ven, elatriye, men li pa sipoze depase dezèdtan pa nwit nan lekòl segondè.

Konsèy Pou Paran yo:

Ou dwe rete konsiltan. Li pran apeprè 21 jou pou yon bagay vin yon abitud. Asire w pitit ou konnen li sipoze fè devwa li regilyèman menm lè, menm kote a, chak jou!

Chwazi yon kote. Yon zòn etid pa dwe sofistike. Yon biwo nan nenpòt chanm oswa yon tab kizin se tout sa ou bezwen! Ta dwe gen anpil limyè, e li ta dwe yon ti jan trankil.

Retire distraksyon yo. Fèmen televizyon an, pa kite li reponn telefòn, amwenske se pou devwa a. Pandan gen kèk moun ki travay byen ak yon ti mizik dous, piga yo jwe mizik fò nan radyo oswa mete ekoutè.

Si w ap viv nan yon kay ki gen bwi, mande tout moun pou yo patisipe nan yon aktivite trankil pandan timoun yo ap fè devwa. Ou ka oblije mennen timoun piti yo nan yon lòt chanm pou jwe.

Bay founiti. Se tout tan timoun yo ap pèdi bagay yo, donk eseye gen yon bon rezèv plim/kreyon, règ, papye pou ekri, lakòl, tay kreyon, yon kalkilatri ak yon diksyonè tou pre. Si li difisil pou bay bagay sa yo, mande pwofesè, konseye pedagogik la oswa lyezon paran pou asistans ak resous.

Ou ta dwe yon bon egzanp. Timoun yo gen plis chans pou yo li si yo wè paran yo ap li, ekri oswa fè rechèch avèk resous yo. Ale nan bibliyotèk, gade dokiman tè oswa pwogram televizyon edikatif, tankou History Channel, pou enterese pitit ou aprann. edikasyon

Ede ak devwa (kontinyasyon)

Poze kesyon sou règ devwa lekòl la. Nan premye rankont avèk pwofesè pitit ou a, mande pwofesè a kesyon sa yo:

- Ki kalite devwa y ap bay?
- Konbyen tan yo bay pou remèt devwa yo?
- Ki kalite èd pwofesè a atann nan men mwen?

Kisa pwofesè yo ka fè pou ede?

Pase tan eksplike atant yo pou devwa.

Asire w elèv yo konnen ki sa yo dwe fè epi yo ka fè devwa yo poukont yo.

Bay espikasyon klè epi diskite sou sa k ap fèt.

Bay nòt oswa kòmantè sou tout papyè devwa yo te remèt.

Bay devwa pou fè lakay la ki gen enpòtan ak enteresan ki ankouraje yo pratike yon konpetans yo te aprann nan klas la.

Itilize enfòmasyon ak resous ki fasil pou jwenn aksè ak disponib pou paran yo.

Eseye pa fè devwa yo twò long. Pou devwa ki pi long yo, tankou pwojè, rapò, oswa eksperyans, bay elèv yo anpil tan, epi ofri sijesyon sou kijan yo ka koupe devwa a an seksyon yo ka jere.

- Konprann diferans kiltirèl yo.
- Kreye yon jounal oswa kaye devwa paran ak pwofesè yo ka itilize pou kominike.

Pou anpil paran ak timoun, devwa se yon batay chak jou. Piga ou janm lage! Gen bagay ou ka fè pou ede timoun ou yo jwenn gen abitud ak devwa.

Konsèy pou Paran yo sou bon Abitid pou Timoun yo

Kouman pou mwen anseye pitit mwen an pi bon abitid manje?

Tout moun konnen timoun yo pa renmen manje tou bagay. Pafwa, kòm paran, nou satisfè ak nenpòt sa yo manje! Ann konsidere yon nouvo estrateji. Prezante nouvo manje bay pitit ou souvan, mezi li posib. Pandan y ap gen plis matirite, gou yo pou manje chanje ansanm ak konesans yo sou nitrisyon. Fè yo eseye omwen yon kiyè oswa goute nenpòt manje, menm s yo te refize li avan. W ap sezi wè ki manje yo vin renmen anpil lè ou entwodwi li bay yo ankò! Timoun yo renmen ti goute; men, eseye ranplase manje ki gen anpil sik yo ak sa ki pi bon pou lasante.

- Tan pou ou bay tchips, eseye pòpkòn.
- Tan pou ou bay Skittles ou M&M's, eseye fwi pito. Timoun yo renmen figmi, frèz, ak zoranj anpil.
- Tan pou ou bay poudeng, eseye yogurt.
- Tan pou ou bay bonbon sikre, eseye bonbon sèl.
- Tan pou ou bay nògèt poul, eseye poul griye.
- Tan pou ou bay kola, eseye Gatorade ak dlo (timoun yo renmen boutèy dlo ak bèk la ladan, li alamòd epi yo amize yo ak li!). Ji fwi yo bon, men pa rekòmande kòm chwa ki pi bon kòm bwason pou timoun. Bay yo sèlman ji ki 100% fwi ki gen sik, friktoz, oswa siwo ki ba, epi sonje pou w mete tigout dlo chak fwa ou bay yo.

Ou pa bezwen pè sèvi pitit ou bon antre tankou salad poul. W ap sezi wè kijan timoun yo renmen salad sa yo anpil!

Yon lòt bèl ide se ofri pitit ou twa (3) chwa dine. “Èske ou ta renmen poul griye, pat oswa vyann bèf pou dine?” Sa bay pitit ou kontwòl sou sa li chwazi manje, pandan ou rete nan limit ki bon pou a. Jis asire w ou mete youn nan sa pitit ou renmen plis nan twa (3) chwa yo, nenpòt lè li posib. Yon bon gwo:

www.fruitsandveggiesmatter.gov.

Konsèy pou Paran yo sou bon Abitid pou Timoun yo (kontinyasyon)

Lide pou yon vi aktif pou ou ak pitit ou yo:

Fason fanmi yo viv kounye a chanje anpil. Entènèt, televizyon ak jwèt videyo ranplase kouri, monte mòn ak naje! Konte kalori pa sèl bagay nou bezwen konsidere lè nou anvi viv yon fason ki pi bon pou sante nou. Nou vle asire ke n ap fè egzèsis tou.

Ede timoun yo rete aktif! Timoun ak adolesan yo dwe gen omwen swasant minit aktivite fizik chak jou. Sa ede yo gen zo ki an sante, sikilasyon, bese kè sote, fè yo kwè nan tèt yo plis, epi se yon bon fason pou fanmi an patisipe nan yon aktivite ansanm.

Fèmen televizyon an, mete jwèt videyo yo akote, epi eseye fè aktivite an fanmi ki pral non sèlman ede nou gen yon vi an sante, men ki pral fè nou vin pi pwòch tou.

- | | | | |
|----------------|--------------|---------|------------------|
| • Mache | • Jwe Baskèt | • Naje | • Jwe Lago |
| • Sote Kòd | • Tranpolin | • Danse | • Bezbòl/Foutbòl |
| • Monte cheval | • Kouri | | |

Eseye limite televizyon, jwèt videyo ak entènèt a omwen dezèdtan pa pou. Panse ak lòt fason nou ka amize nou ansanm an fanmi.

- Rakonte istwa.
- Jwe yon sèn nan yon liv nou renmen.
- Foure yon ti aktivite pandan n ap gade televizyon tankou di pitit ou pou li sote kòd pandan y ap bay poz piblisite, epi mande li konbyen li te fè.
- Jwe boul. Sa se yon klasik pou fanmi!
- Mache chen an kòm yon aktivite fanmi.
- Fè randone oswa mache nan lanati.
- Kreye pwòch chas fanmi pou nou chèche trezò nan lakou nou oswa lakou rekreyasyon lokal nou.

Kenbe yon vi an sante se pa yon rejim alimantè, men yon fason pou viv. Non sèlman li ankouraje nou viv an sante, li ankouraje lyen fanmi ak valè ki pi solid. Bon resous:

www.cdc.gov/physicalactivity/everyone/guidelines/index.html



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Alachua, Baker, Bay, Bradford, Calhoun, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Escambia, Flagler, Franklin, Gadsden, Gilchrist, Gulf, Hamilton, Holmes Jackson, Jefferson, Lafayette, Leon, Levy, Liberty, Madison, Marion, Nassau, Okaloosa, Putnam, Santa Rosa, St. John's, Suwannee, Taylor, Union, Volusia, Wakulla, Walton, ak Washington.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Brevard, Citrus, De Soto, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lake, Manatee, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota, Seminole, St. Lucie, ak Sumter.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: Broward, Charlotte, Collier, Glades, Hendry, Lee, Martin, Miami-Dade, Monroe, ak Palm Beach.

Rezo Fanmi Sou Andikap ap lite pou moun ak andikap yo patisipe menm jan ak tout moun nan yon sosyete san baryè.

Sa yo ki nan materyèl nou yo te devlope grasa yon bous Depatman Edikasyon Etazini te bay, #H328M150043, #H328M150042 ak #H328M150041. Men, sa yo ki ladan an pa nesesèman reprezante politik Depatman Edikasyon Etazini, epi ou pa ta dwa sipoze Gouvènman Federal la andòse yo. Responsab Pwojè a: Greg Knollman.

